

Éske Mwen Repon-n a Ekgzijans Finansye yo?

Si pitit ou a abite ak ou epi ou pa resevwa SSI, alò Sosyal Sekirite pral detémine montan SSI pitit ou elijib pou li resevwa li fé sa lé li konsidere revni ou epi resous ou.

- Sosyal Sekirite konsidere tou de revni ke ou touche epi sa ou pa touche.
 - Revni ke ou touche = salé, lajan ou touche, epi poubwa
 - Revni ke ou pa touche = “child support,” benefis piblik, enteré, etc.
- Sosyal Sekirite konsidere resous. Gen de bagay ke ou posede, tankou kay, machin-n epi kash.
- Ou ka genyen jiska \$2,000 resous si youn nan paran ou abite nan kay ou, epi \$3,000 si tou de paran yo ap vin nan kay ou.

★ **Si ou pa si ke si wi ou non pitit ou elijib de fason finansye, ou ta dwe aplike.**

Bagay ke ou Dwe Sonje

- ▶ **PINGA OU DEKOURAJE SI YO REFIZE APLIKASYON PITIT OU A.**
 - ▶ Ou ka fé apél a refi a.
 - ▶ Anpil fwa gen de aplikasyon ke yo refize on premye fwa vin-n aprouve nan etap “Reconsideration” o sinon nivo “Administrative Law Judge” la.
 - ▶ Fé apél ou a lé (anpil tan sa vle nan 60 jou). Si ou rate delé sa-a, Sosyal Sekirite pa pral tande ka ou a ankò.

Legal Services of Greater Miami, Inc.

Main Office

3000 Biscayne Boulevard
Swit 500
Miami, Florida 33137
Telefòn-n: (305) 576-0080
TTD: (305) 573-1578

South Dade

10720 Caribbean Boulevard
Swit 400
Miami, Florida 33189
Telefòn-n: (305) 232-9680
TTD: (786) 242-0207

Key West

1111 12 Street
Swit 203
Key West, FL 33040
Telefòn-n: (305)292-3566
TTD:(305)292-9772



Devwe Li Avék Pasyon Pou Jistis Pou Tout Moun

www.lsgmi.org

TIMOUN ANDIKAPE

Aplike epi Fé Apél pou Lajan Sekirite Siplemanté



Legal Services of Greater Miami, Inc.
3000 Biscayne Boulevard, Swit 500
Miami, FL 33137

**Sipòte finansyèman an pati pa:
McDermott, Will, and Emery, LLP
epi
Ratzan & Rubio, P.A.**

ki sa ki SSI la?

- “Supplemental Security Income”
- Li se on program federal kash asistans.
- Avég o sinon timoun andikape nan fanmiy ki gen revni limite ka resevwa jiska \$637 pa mwa (2008 rate), depan-n de revni fanmiy an epi resous yo.
- On timoun ki kalifye pou SSI elijib tou pou Mediked (swen medikal gratis).
- Otomatikman timoun ou an pral gen Mediked si SSI aprouve yo.
- Men-m si yo pa aprouve pou SSI, pitit ou a toujou ka elijib pou Mediked. Alò, ou ta dwe aplike pou Mediked nan “Florida Department of Children and Families.”

Kouman pou mwen aplike pou SSI Pou Pitit Mwen?

- Vizite o sinon rele Biro lokal Sosyal Sekirite ou.
- Ou ka rele tou lign ouvè Sosyal Sekirite nan 1-800-772-1213.
- Asire ou ke ou ranpli aplikasyon an.
- On travayé Sosyal Sekirite ka ede ou ranpli aplikasyon an.

Ki Sa Sosyal Sekirite Bezwen?

- Sosyal Sekirite bezwen on istwa medikal timoun ou an ki ranpli. Ou ka bay anpil nan enfòmasyon sa-a.
- Prepare ou pou ou bay:
 - Prév laj timoun nan
 - Nimero sosyal sekirite timoun nan
 - Enfòmasyon konsénan revni fanmiy ou epi resous yo
 - Dosye Medikal epi dosye lekòl
 - Nom epi adrès moun ki te trete pitit ou a.

★Toujou kenbe on fotokopi tout dokiman ou bay Sosyal Sekirite.

Ki Sa Ki Rive Apré Mwen Ranpli Aplikasyon an?

- Sosyal Sekirite pral revize li pou li wé si timoun ou an elijib pou benefis.
- Pou ou elijib ou dwe avég o sinon andikape/paralize.
- Li ka pran 6 mwa o sinon plis tan pou Sosyal Sekirite revize aplikasyon pitit ou a, men si li elijib yo ka resevwa benefis kòmanse nan dat aplikasyon an.
- Sosyal Sekirite pral voye on lé pou ou lé li pran on desizyon
- Si Sosyal Sekirite di ou ke timoun ou an pa elijib, ou gen dwa fé apél.

Kouman Pou Mwen Fé Apél

- Mande pou “reconsideration”. Yo pral revize aplikasyon ou an ankò, epi ou ka soumèt nouvo prév. Ou gen 60 jou kòmanse nan dat refi notis la te fét la pou ou mande pou yo rekonsidere aplikasyon ou an.
- Si yo refize ou SSI ankò apré rekonsiderasyon, prochen etap la se pou ou mande pou on jijman avék on Jij Dwa Administratif. Ou gen 60 jou kòmanse nan dat refi notis rekonsiderasyon an, pou ou mande pou on jijman.
- Legal Services of Greater Miami, Inc. Pa ka ede ou ak apél ou a nan etap rekonsiderasyon ou an apré ou fin-n mande on jijman. Asire ou ke ou vin-n nan biro nou depi ou fin-n mande jijman-an. Nou ka pa rive ede ou, si ou rete tan-n jiskas ke ou gen on dat jijman.
- Si Jij Dwa Administratif la refize apél la, ou gen 60 jou pou ou fé apél nan biro “Appeals Council.”
- Finalman, si ou pa reysi nan nivo “Appeals Council” la, ou gen on lòt 60 jou ankò pou ou fé apél nan Tribinal Federal.

Kouman Pou Mwen Prepare Apél Pitit Mwen an?

1. **Fé on lis Tout Dokté Pitit ou yo.** Lis la dwe genyen la dan li nom, adrès, epi nimero telefòn-n tout kote ki bay pitit ou a sévis medikal epi sante mantal pitit ou a.
2. **Kolekte Dosye Medikal epi Sante Mantal Pitit ou a.** Mande dokté a epi/o sinon lopital dosye pitit ou a. Dosye a dwe genyen la dan-l nom tout medikaman ke pitit ou a ap pral, epi dat epi rezon ki te ospitalize.
3. **Kolekte Dosye Lekòl.** Mande profesé pitit ou a, enfimyé, “daycare”, o sinon travayé ki nan “preschool” yo pou rapò ekri ki pa anpil konsénan aktivite epi limitasyon pitit ou a.
4. **Jwen Rapò Ekri ki Kout o sinon Lét soti nan men lòt moun ki wé pitit ou a de fason regilye.** Enfòmasyon ki sot nan men fanmiy epi zanmi itil anpil pou dekri ki sa pitit ou a ka fé epi pa kapab fé.
5. **Kenbe on Jounal Ekri.** Kòmanse kenbe on jounal kote ou ekri chak jou aktivite pitit ou yo, medikaman, doulé, epi lòt eksperyans ke ou wé, mete la dan li tou efé medikaman yo fé sou li.

Ki Sa Ki Rive Apré Pitit Mwen an Kòmanse Resevwa Benefis?

- Yo ka revize ka pitit ou a nan Sosyal Sekirite chak 3 lane epi lé pitit ou a vin-n gen 18 tan.
- Si fanmiy ou epi/o sinon enfòmasyon finansye pitit ou a chanje. Montan Benefis la ka ogmante, diminye, o sinon sispan-n. Ou dwe rapòte tout chanjman nan Sosyal Sekirite nan 10 jou.
- Si pitit ou ap resevwa benefis, api montan-an chanje, ou ta dwe fé apél nan 10 jou kòmanse nan jou notis la te fét la si ou pa dakò ak chanjman-an. Nan anpil ka, pitit ou a pral kontinye resevwa benefis nan nivo ou fé apél la jiskas ke desizyon an sòti.
- Si ou genyen apél ou a pitit ou a ka resevwa on bon valò benefis ke li pat resevwa nan tan li ta sipoze resevwa li yo. Jeneralman lajan sa-a dwe rete nan on kont bank pou pitit ou a. SSA gen régleman ki strik sou kijan ou ka itilize lajan sa-a. Verifye ak on moun ki ap travay nan SSA anvan ou depanse ninpòt pati nan lajan.